

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman mangrupa karya sastra wangun novel nu nyaritakeun kaayaan hiji budak ngaranna Kondi nu sakitu sabar dina ngarandapan sagala pasualan hirupna nu didasaran rasa nyaah ka kolotna. Dina ahir caritana, Kondi nyangking kabagjaan. Ieu novel téh diterbitkeun ku Penerbit CV Geger Sunten, citakan kahiji Désémber 1995, citakan kadua Oktober 2007, jeung citakan katilu Pébruari 2012. Novel *Patepung di Bandung* ogé kungsi dilélér hadiah Samsodi dina taun 1996, ku sabab ieu novel téh miboga ajén jeung kualitas nu hadé. Ieu novel téh geus dianggap merenah pikeun jadi buku bacaan di sakola, dumasar kana Keputusan Gubernur Jawa Barat Nomor: 481.3/Kep.964-Disdik/2009 dina tanggal 24 Juli 2009.

Novel *Patepung di Bandung* kabagi jadi sapuluh subjudul, unggal subjudul mangrupa bagéan nu nyambung tur mangrupa ide pokok pangarang dina unggal bagian caritana. Ide pokok mangrupa konsep utama nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Ide pokok dina ieu novel téh bisa ogé kapangaruhan ku kasang tukang kahirupan pangarangna. Nurutkeun Minderop (dina Muda'im, 2013, kc. 1) teu saeutik pangarang nu ngasupkeun pangalaman sorangan dina karyana, atawa bisa ogé nu dialaman ku jalma séjén. Taufik Faturohman salaku salasaurang sastrawan Sunda nu rancagé, lulusan IKIP (UPI). Anjeunna ogé aktif nulis buku pangajaran jeung buku karya sastra.

Karya sastra mangrupa wangun atawa hasil tina éksprési jalma nu diébréhkeun ngaliwatan wangun tulisan. Sacara étimologis, asal kecap sastra téh tina basa Sangsekerta nyaéta *sas* jeung *tra*. *Sas* miboga harti ngarahkeun, ngajarkeun, ngawulangkeun, méré pituduh atawa paréntah, jeung instruksi, sedengkeun *tra* téh miboga harti pakakas, sarana (*device*). Saupama di hijikeun kecap *sastra* miboga harti pakakas pikeun miwulang, buku pituduh, buku instruksi atawa buku pangajaran (Isnendes, 2010, kc. 1).

Karya sastra ditilik tina wangunna, dibagi jadi tilu golongan nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Dumasar kana warna karanganna, prosa téh ngawengku dongéng, sketsa, carita pondok, roman atawa novel. Nurutkeun Isnendes (2010,

kc. 39) novel nyaéta wangun prosa rékaan nu ngawujud lalakon (*naratif*), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (*kompleks*).

Nurutkeun Tirtawirya (dina Suryalaga, 2003, kc. 20) sastra mibanda mangpaat nyaéta pikeun media atikan, ngabeungharan rohani, bisa némbongkeun perpektif nu bener ngeunaan kahirupan, jeung sastra nu sajati bisa mangaruhan manusa sangkan mikir positif ka pamacana. Dina hakékatna atikan miboga tujuan pikeun ngawangun karakter bangsa. Atikan karakter nyaéta usaha pikeun numuwuhkeun sikep nu hadé, nu hasilna katempo dina kahirupan sapopoé. Kiwari, krisis karakter di kalangan rumaja geus réa nu jadi masalah. Salasahiji cara nerapkeun pangajaran karakter bangsa bisa ngaliwatan karya sastra. Sastra téh lain saukur bacaeun pikeun kolot tapi loba karya sastra nu dihususkeun pikeun barudak. Loba pisan karya sastra nu bisa jadi picontoeun pikeun barudak, salian ti éta, sastra téh bisa jadi media sangkan basa Sunda henteu leungit.

Nurutkeun Suryaman (dina Fatimah, 2018, kc. 1) budaya maca di Indonésia masih kacida kurangna. Indonésia aya dina tingkat ka tilu ti handap dumasar kabiasaan macana. Hasil UNESCO ngaliwatan *Program dor International Student Assesment (PISA)* taun 2003 ngébréhkeun yén kaparigelan maca budak di Indonésia ti umur 15 taun ka luhur, aya dina urutan ka-39 tina 41 nagara.

Nurutkeun Leonhardt (dina Fatimah, 2018, kc. 1) faktor nu jadi kasang tukang kurangna minat maca di antarana: 1) buku-buku bacaan budak langka aya nu ngirut; 2) beuki jarang kolot nu daék ngadongéng atawa macakeun buku jang budakna jiga kabiasaan kolot baheula; 3) kamajuan téhnologi kurang ngarojong barudak pikeun maca buku; 4) harga buku beuki mahal; jeung 5) taman baca haratis nu miboga koléksi buku nu lengkep jeung ngirut masih kénéh kurang.

Nurutkeun hasil *Indonesia National Assesment Program* di taun 2016 nu dilaksnakeun ku Pusat Penelitian Pendidikan (Puspendik) Kementrian Pendidikan & Kebudayaan ngébréhkeun data yén rata-rata nasional distribusi literasi dina kamampuh maca peserta didik di Indonésia nyaéta 46,83% aya dina kategori *kurang*. Ngan 6,06% aya dina kategori *baik*, jeung 47,11% aya dina kategori *cukup* (Kemdikbud, 2016). Ku kituna, salasahiji cara pikeun ngungkulan ieu pasualan téh ku ayana pangajaran maca di sakola.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta dina novel *Patepung di Bandung* mibanda ajén étnopédagogi nu kudu diguar. Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan, dipaké pamarekan étnopédagogi. Étnopédagogi husus medar ngeunaan aktualisasi kagiatan diajar nu miboga orientasi dina numuwuhkeun ajén-ajén *kearifan lokal* (Oktavianti & Ratnasari, 2018, kc. 1). Étnopédagogi kasundaan miboga orientasi kana kaonjoyan manusa nu sampurna, bisa disebut ogé jalma nu masagi. Hartina manusa masagi téh nyaéta manusa nu miboga pangalaman *lahiriah* atawa *batiniah* (Sudaryat, 2012, kc. 42).

Panalungtikan ngeunaan struktural jeung étnopedagogi geus kungsi dilaksanakeun saméméhna ku sababaraha panalungtik dina wangun skripsi jeung jurnal. Panalungtikan dina wangun skripsi di antarana aya “Babandingan Struktur Carita Dongéng *Nini Anteh* jeung Carita Drama *Anteh* pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Resti Pandani (2019), “Novel Rumaja *Jamparing* karya Chyé Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi)” ku Cucu Siti Fatimah (2018), “Naskah Gending Karesmen *Si Ujang jeung Doraemon* karya Wahyu Wibisana (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi) ku Nurul Rahmi Widiawati (2020), “Kumpulan Carpon karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi) ku Nur Aisyah (2019), “Wacana Wayang Golék Cepot Kembar ti Giri Harja 3 (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi),” ku Gun Gun Cahya (2015).

Panalungtikan dina wangun jurnal di antarana “Kajian Struktural, Stilistika, dan Etnopedagogi dalam Kumpulan Puisi (Sajak) taun 2000-an” ku Cahyadi (2000), “Lirik Tembang Cianjuran (Kajian Struktural Dinamik jeung Étnopédagogi)” ku Maulida, spk. (2014), “Sejarah Cijulang (Kajian Struktural, Semiotik jeung Etnopedagogi)” ku Sutrisna (2015) “Babad Panjalu (Kajian Struktural, Semiotik, jeung Etnopedagogi)” ku Satibi (2015), “Dongeng-Dongeng Sasakala dalam *Manglé* taun 2014 (Kajian Struktural jeung Etnopedagogi)” ku Julaeha (2015).

Panalungtikan ngeunaan novel *Patepung di Bandung* geus kungsi dilaksanakeun ku Suci Sarifah Muda'im (2013) nu judulna “Novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman: Tilikan Psikologi Sastra”. Panalungtikan nu

dilaksanakeun ku Suci medar ngeunaan psikologi sastra dina novel *Patepung di Bandung*. Bédana jeung panalungtikan saméméhna, dina ieu panalungtikan leuwih medar kana ajén étnopédagogi nu aya dina novel, nu hasil ahir dina ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca novel di SMP. Sanajan sarua dina objék nu digunakeun, saéstuna mah aya bédana nyaéta dina ulikan jeung tiori nu digunakeun. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “Novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan baris maluruh ngeunaan struktur carita jeung ajén étnopédagogi dina novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman. Dumasar kana éta hal, aya sawatara masalah nu dirumuskeun dina wangun kalimah pananya, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita dina novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman?
- 2) Kumaha ajén étnopédagogi dina novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novel di SMP?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu miboga tujuan nu hayang dihontal. Saluyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah nu geus diébréhkeun. Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh pikeun maluruh sarta ngadéskripsikeun struktur carita jeung ajén étnopédagogi nu aya dina novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman. Ieu panalungtikan ogé bisa dipaké pikeun panalungtikan satuluyna.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) ngadéskripsikeun struktur carita dina novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman;
- 2) ngadéskripsikeun ajén étnopédagogi dina novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman;
- 3) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novel di SMP.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat nu ngawengku opat aspék nyaéta: 1) mangpaat tina segi tioritis, 2) mangpaat tina segi praktis, 3) mangpaat tina segi kawijakan, jeung 4) mangpaat tina segi sosial.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban dunya paélmuan sastra hususna ngeunaan struktural jeung ajén étnopédagogi.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan étnopédagogi atawa jadi référénsi pikeun panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung ajén étnopédagogi.
- 2) Pikeun guru, bisa dipaké pikeun nambahan pangaweruh dina mekarkeun bahan ajar di sakola.
- 3) Pikeun siswa, bisa dipaké pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana diajar basa jeung sastra Sunda.
- 4) Pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun karep masarakat ngaraksa basa Sunda.

#### 1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat tina segi kawijakan nyaéta dipiharep hasil ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan tinimbang pikeun pamaréntah sangkan bisa ngungkulan krisis

Widia Rengganis, 2021

NOVEL PATEPUNG DI BANDUNG KARYA TAUFIK FATUROHMAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN  
NOVEL DI SMP (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

karakter di Indonesia. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun alternatif bahan ajar maca novel di SMP.

#### **1.4.4 Mangpaat Sosial**

Ieu panalungtikan miboga mangpaat sosial nyaéta dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung ngeuyeuban bacaan-bacaan hususna dina ajén étnopédagogi pikeun ngungkulan pasualan krisis karakter bangsa.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung husus. Anapon mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan jeung mangpaat sosial. Salian ti éta, dina pedaran Bab I medar ngeunaan raraga tulisan sacara sistematis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngawengku tiori-tiori jeung konsép nu jadi dasar dina panalungtikan. Pedaranna ngeunaan tiori novel, ajén étnopédagogi Sunda, nu jadi bahan pikeun ngajawab rumusan masalah.

Bab III Méthode Panalungtikan, medar ngeunaan méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan nu ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data, méthode jeung téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ngadarkeun hasil panalungtikan atawa hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, nyaéta medar ngeunaan struktur carita, ajén etnopédagogi dina novel *Patepung di Bandung*, jeung larapna hasil panalungtikan pikeun jadi bahan ajar di SMP.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan sarta implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.